

Kanabis nan Vil New York:

Li legal pou adilt yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York.



3 ons 24 gram

Adilt ki gen venteyen (21) lane oswa ki pi gran ka genyen epi pataje (men yo pa kapab vann) jiska twa (3) ons flè kanabis oswa boujon kanabis, oswa jiska 24 gram kanabis konsantre tankou lwil oswa sigarèt elektwonik.



Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou w jwenn enfòmasyon sou chanjman sa yo, ale sou **cannabis.ny.gov/medical-cannabis**.



Espas pou Fimen

Adilt ki gen 21 lane ak plis ka fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis nan pifò espas kote yo otorize moun fimen tabak.



Poko gen otorizasyon ki bay pou moun vann kanabis. Pou kapab jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte ak kiltive kanabis, ale sou **cannabis.ny.gov**.

Konsomasyon Kanabis ki San Danje



Si ou ap konsome kanabis, evite itilize kanabis la twò rapid — kòmanse avèk yon ti kantite epi ale dousman.

Ou ap jwenn diferan nivo Tetrayidwokanabinòl (Tetrahydrocannabinol, THC) nan diferan kalite kanabis. Li se sibstans sikoaktif ki fè ou santi w ap plane a. Li kapab fè efè yo vin pi fò, oswa pi rapid, oswa toulède.

Gen kèk kalite kanabis ki kapab pran tan pou yo fè yon efè. Pa egzanp, li kapab pran jiska kat (4) èdtan pou santi tout efè dwòg ou kapab manje (manje ki gen kanabis ki ajoute ladan l).



Evite melanje kanabis la avèk lòt dwòg, sa gen ladan alkòl.



Evite itilize kanabis anvan ou ale kondui oswa pandan ou ap kondui.

Li danjere epi li pa legal pou ap kondui pandan ou anba enfluyans kanabis. Epitou, li pa legal pou konsome kanabis anndan yon machin, menm si se lè machin nan kanpe oswa kòm yon pasaje.



Ranje kanabis la ak pwodui ki gen kanabis yo yon kote ki pa sou je timoun ak jèn yo.

Si gen yon timoun ki manje oswa bwè pwodui ki gen kanabis, rele Sant Kontwòl Pwazon Vil New York (NYC Poison Control Center) nan 212-764-7667, li disponib 24 sou 24 ak 7 jou sou 7.



Si ou gen mwens pase vennsenk (25) lane, ou dwe konnen kanabis ogmante risk pou sante w.

Kanabis la kapab gen gwo efè sou jèn moun ki gen sèvo yo ki toujou ap devlope. Efè negatif yo kapab gen ladan yo difikilte pou panse, pou aprann, ak pou rezoud pwoblèm; yon move memwa oswa pwoblèm pou konsantre; epi li diminye nan kowòdinyasyon kò a.